



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN JOUNEN VETERAN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO LWA YO POU RANFÒSE AK SIPÒTE VETERAN YO AK FANMI YO

17 moniman pral limen aswè sa a nan kad operasyon Limyè Vèt la, ki te kòmanse nan Eta New York epi ki kounye a fèt atravè tout peyi a

Lejislasyon (S.2089B/A.357A) otorize Gouvènè a pou li prezante "Meday Komemoratif Lagè Vyetnam Eta New York" ki fèk kreye a

Lejislasyon (S.2091C/A.1310B) otorize Gouvènè a pou li prezante "Meday Komemoratif Lagè Kore Eta New York" ki fèk kreye a

Lejislasyon (S.1961B/A.3913B) egzije anplwayè yo pou yo afiche yon pankat benefis ak sèvis pou veteran ke Depatman Travay la ap fè nan yon zòn ki aksesib pou anplwaye yo

Lejislasyon (S.6022B/A.5278B) egzije veteran yo ki gen kondisyon ki kalifye oswa yo te ranvwaye yon fason enjis akòz idantite LGBTQ yo pou resevwa kredi pou sèvis militè yo

Lejislasyon (S.2238B/A.6551B) etabli yon règleman "Jou Kabann Rezève" a pou sila yo ki nan kay pou veteran yo nan Eta a

Lejislasyon (S.7068A/A.7728A) pa prevwa okenn to enterè pou kèk prè ki konekte ak finans pwogram pou biznis sètifye veteran ki andikape nan sèvis posede

Lejislasyon (S.8729/A.9590) mande sèvis veteran yo pou yo kreye yon baz done rechèch sou komemorasyon veteran yo nan Eta New York

Lejislasyon (S.8367/A.9183) otorize Konte Niagara pou anile kèk frè pou òganizasyon veteran yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse nouvo lwa yo ki pral ranfòse pwoteksyon ak sipò pou veteran ak fanmi yo. Gouvènè a te siyen uit lejislasyon kòm apresyasyon Jounen Veteran yo, ki montre angajman administrasyon an pou sipòte militè Ameriken yo ki te riske lavi yo pou defann nasyon an. Anplis de sa, Gouvènè Hochul [te pibliye](#)

[pwoklamasyon sa a](#) epi li te mande pou yo limen 17 moniman an koulè vèt aswè a nan kad Operasyon Limyè Vèt (Green Light Operation), ki te kòmanse nan Eta New York epi ki te gaye nan tout peyi a pou rekonèt veteran ak militè nan tout epòk sèvis militè yo.

"Nou dwe militè nou yo pi plis pase rekonesans, epi se responsablite nou pou sipòte yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan anile frè pou òganizasyon veteran yo rive nan bay prè ki pa gen enterè, n ap travay di pou retire nenpòt obstak nan wout siksè veteran nou yo isit la nan New York. Mwen remèsye yo paske yo pwoteje libète nou yo epi mwen espere bay sipò kontinyèl alavni".

Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou sipò ak rekonesans kontinyèl yo pou veteran yo ki te mete sèvis pi wo pase pwòp tèt yo. Chanjman lejislatif sa yo pral asire ke nou ranpli misyon nou pou ede tout veteran New York yo, militè yo ak fanmi yo pou yo ka jwenn aksè nan tout benefis yo te merite atravè sèvis militè yo".

Lejislasyon (S.2089B/A.357A) etabli Meday Komemoratif Lagè Vyetnam nan epi otorize Gouvènè a pou l prezante li bay manm fòs lame yo oswa milis òganize ki te sèvi aletranje nan Lagè Vyetnam nan ant novanm 1955 ak me 1975.

Lejislasyon (S.2091C/A1310B) amande lwa militè a pou etabli Meday Sèvis Lagè Kore a epi li otorize Gouvènè pou l prezante li bay manm fòs lame yo oswa militè òganize ki te sèvi aletranje nan Lagè Kore a ant jen 1950 ak janvyè 1955.

Senatè Eta a, Daphne Jordan te deklare, "Mwen vrèman kontan dèske pwojè lwa bipatit mwen yo ki etabli Meday Sèvis Lagè Kore Eta New York ak Meday Sèvis Lagè Vyetnam nan Eta New York yo te siyen pou tounen lwa eta a pou Jou Veteran 2022! Sa a se yon gwo reyalizasyon ke mwen fyè pou m pataje ak Veteran Lagè Kore ak Lagè Vyetnam nou yo, anpil nan yo te sipòte lejislasyon mwen an avèk fòs epi yo te rejwenn mwen nan defann adopsyon li. Nouvo meday sa yo pral rekonèt piblikman sèvis ak sakrifis Veteran Lagè Kore ak Lagè Vyetnam nou yo ki te mete inifòm Ameriken avèk fyète, ki konsakre pou toutan valè ak patriyotis yo, epi ede asire yo pa janm bliye yo. Fè yo siyen pwojè lwa mwen yo nan lwa Eta New York se yon viktwa enkwayab pou Veteran Lagè Kore ak Vyetnam nou yo, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske li te fè sa. Mwen rekonesan pou gason ak fanm nan fòs lame nou yo ki te defann nasyon nou an ak prezève fason nou viv. Nou dwe tout bagay ak ewo Ameriken vanyan sa yo pandan n ap obsève Jounen Veteran yo epi n ap di mèsi pou sèvis inebranlab, onorab ak fidèl yo".

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Veteran Lagè Vyetnam ak Kore yo te sèvi avèk yon valè ak kouraj estraòdinè. Nan anpil ka, resepsyon yo lè yo te retounen lakay yo te an silans, ensifizan, epi nan kèk ka malere, kareman ostil. Yo merite bon respè ak rekonesans pou sèvis onorab yo ak sakrifis yo. Meday komemoratif Eta New York yo ofri yon fòm rekonesans ak apresyasyon pou moun ki te sèvi nan lagè sa yo".

Lejislasyon (S.1961B/A3913B) egzije anplwayè yo pou yo afiche yon pankat ki gen enfòmasyon sou benefis ak sèvis veteran yo ke Depatman Travay dwe kreye epi distribye. Anplwayè ki gen plis pase 50 anplwaye k ap travay ap lontan dwe afiche pankat la nan yon zòn ki aksesib pou tout anplwaye yo.

Senatè Eta a, John E. Brooks te deklare, "Veteran nou yo te riske lavi yo pou pwoteje libète nou yo ak fason nou viv - pi piti nou ta ka fè se asire ke lè yo retounen lakay yo, dènye bagay yo bezwen enkyete yo pou sa se aksesibilite pou jwenn benefis federal ak eta a dwe yo. Gwo majorite veteran nan New York yo pa konnen yo dwe resevwa plizyè milya dola nan benefis pou sèvis yo -- pou rezon sa a, mwen trè rekonesan ke Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa sa a pou yon lokal santral kote benefis ak sèvis sa yo ka afiche kreye kote yo ka rive jwenn plis veteran. Pandan ke sa a se yon ti etap nan yon long wout pou difize enfòmasyon yo ak mete lajan sa a nan pòch veteran nou yo, li make yon etap enpòtan nan abòde sityasyon sanzabri veteran yo, pwoblèm sante mantal, ak byennèt finansye jeneral yo".

Manm Asanble Karen McMahon te deklare, "Aprè yo fin bay nasyon nou an sèvis dezenterese, veteran ak fanmi militè yo merite sipò nou pandan y ap fè tranzisyon tounen nan lavi sivil. Lejislasyon sa a egzije yon pankat ofisyèl nan espas travay ki pral asire enfòmasyon konsènan sèvis ak resous veteran yo disponib byen fasil. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te onore tout veteran militè yo nan siyen lwa sa a jodi a, pandan n ap rekonèt sakrifis yo nan Jou Veteran yo".

Lejislasyon (S.6022B/A.5278B) ajoute veteran ki gen kondisyon ki kalifye oswa yo te ranvwaye yon fason enjis akòz idantite LGBTQ yo nan sèten dispozisyon ki aplike pou veteran yo te ranvwaye oswa libere ak onè nan sèvis militè. Lwa a pwolonje Lwa sou Retrèt ak Sekirite Sosyal, an relasyon ak bay kredi pou sèvis militè bay manm sistèm retrèt piblik Eta a.

Senatè Eta Brad Hoylman te deklare, "Pandan epòk 'Pa Mande, Pa Rakonte' (Don't Ask, Don't Tell), veteran LGBTQ yo te ranvwaye san onè, sa ki te vòlè yo yon karyè ak benefis retrèt enpòtan dapre lwa eta a. Nou te ede repare sa a lè nou te retabli plizyè douzèn benefis Eta New York ba yo dapre "Lwa Retablisman Onè" nou te adopte an 2019. Kounye a, nan Jou Veteran sa a, nou rezoud plis sityasyon inekitab ak diskriminatwa sa a atravè pwojè lwa nou an pou asire ke veteran LGBTQ yo te ranvwaye dapre "Pa Mande, Pa Rakonte" a elijib pou patisipe nan pwogram racha militè Eta a pou benefis pou retrèt ak pansyon. Mwen rekonesan anè Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa mwen an avèk Manm Asanble Barrett, Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins paske li te pote pwojè lwa sa a pou vote, ak SAGE Vets pou defans li. Akòz lejislasyon sa a, veteran LGBTQ nou yo pral jwenn benefis yo te merite nan sèvi peyi nou an, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl yo oswa ekspresyon yo".

Lejislasyon (S.2238B/A6551B) etabli yon politik "jou kabann rezève" pou moun ki abite nan Kay Veteran Eta a, ki gen ladan veteran, konjwen ak vèv veteran, paran militè ki mouri (Gold Star Parents), ak depandan yo. Yon "jou kabann rezève" se yon jou pou

Eta a peye yon Kay Veteran Eta New York pou kenbe kabann lan disponib pou rezidan ki kalifye pandan li entèn lopital yon ti tan pou rezidan an ka gen yon kabann pou li retounen nan Kay Veteran Eta a.

Senatè Eta a, John E. Brooks te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa a ki pral pwoteje veteran ki pi vilnerab nou yo. Pou nenpòt moun ki abite nan yon Kay Veteran Eta a, yo pral pwoteje kounye a si yo ta bezwen tanporèman chèche swen yon lòt kote epi yo pa pral fòse yo rann plas yo nan Kay la. Li pa ekstraòdinè ke Kay Veteran Eta nou yo nan kapasite total yo, epi, dapre sistèm aktyèl la, si yon veteran bezwen kite pou yon jou osinon de jou pou yon pwosedi oswa swen espesyalize, yo pa t ap kapab retounen oswa kenbe plas rezève yo paske yo t ap deja bay li ak yon lòt veteran sou lis datant la. Pa konsekan, pwojè lwa sa a se yon gwo viktwa nan asire ke manm ki pi vilnerab nan kominote militè nou an yo debarase yo de estrès ki gen rapò ak jwenn ak kenbe yon sous estab pouabri".

Lejislasyon (S.7068A/A.7728A) pa bay okenn to enterè pou sèten prè lye pou antrepriz biznis ki sètifye veteran ki andikape nan sèvis yo posede epi li bay sipò ak finansman ki nesèsè pou fè yon kontra akizisyon avèk yon ajans oswa otorite oswa yon lòt antite eta a oswa gouvènman federal la.

Senatè Eta a, John E. Brooks te deklare, "Nosyon Rèv Ameriken an, kote nenpòt moun - kèlkeswa sityasyon finansye yo - ka pouswiv yon rèv ak pwospere apati li, se sa ki fè peyi sa a tèlman gran. Pou veteran militè nou yo ki te ede defann fondasyon prensipal konte nou an, rèv sa a ta dwe pi aksesib toujou. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pati lejislasyon sa a an rekonesans ak veteran nou yo ki te sakrifye lavi yo anpil. Lè yo te bay peyi nou kèk nan ane ki pi enpòtan yo kote yo te ka kòmanse ak konstwi yon biznis, kounye a veteran nou yo pral gen yon opòtinite pou yo swiv pwòp rèv antreprenarya yo".

Manm Asanble Steve Stern, te deklare, "Mwen tèlman fyè, lwa mwen an ki sipòte pwopriyete biznis ki te sakrifye anpil bagay pou gwo nasyon nou an te pwomilge kòm lwa. Pwogram Depo ki Lye Excelsior la pral pèmèt veteran sèvis andikape nou yo jwenn aksè nan finansman enpòtan pou ede biznis yo grandi nan Eta New York epi asire ke nou pa jis selebre militè nou yo ak fanmi yo sèlman kèk jou nan kalandriye a, men chak jou, avèk sipò enpòtan ki ankouraje devlopman ekonomik ak rekonèt sèvis dezenterese ewo vil nou yo. Mèsi ak Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a".

Lejislasyon (S.8729/A.9590) mande sèvis veteran yo pou yo kreye yon baz done rechèch sou komemorasyon veteran yo ki sitiye nan eta a ki gen ladan enfòmasyon konsènan lokal yon komemorasyon ak veteran oswa batay komemorasyon an ap onore.

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Antanke yon veteran Kò Marin, mwen fyè dèske m te prezante lejislasyon sa a ki kounye a te adopte kòm lwa, pou Jounen Veteran yo. Kreyasyon baz done rechèch sa a sou komemorasyon veteran yo ki nan eta a, pral pèmèt fanmi yo, zanmi yo ak piblik la pi fasil jwenn aksè nan sit sa yo epi bay respè yo ak moun sa yo devwe ki te sèvi peyi nou an, epi kontinye ba yo onè yo merite".

Lejislasyon (S.8367/A.9183) otorize Konte Niagara pou renonse dapre lalwa lokal yo sèten frè pou òganizasyon veteran yo, ki gen ladan, men pa limite a, frè revizyon pèmi konstriksyon ak frè ki asosye ak amelyorasyon kapital nan nenpòt pòs oswa sal yon òganizasyon veteran posede ki sitiye nan konte a.

Senatè Eta Robert G. Ort te deklare, "Lwa sa a pral ede òganizasyon veteran lokal nou yo kenbe ak elaji enstalasyon yo, ki kanpe kòm poto nan kominote yo avèk sèvis yo bay yo epi ewo yo onore yo".

Manm Asanble William Conrad, te deklare, "Òganizasyon veteran nou yo bay gason ak fanm ki te sèvi fòs lame nou an aksè nan sipò sosyal, emosyonèl ak pratik yo merite. Nou pa kapab sispansyon ensiste sou kijan òganizasyon sa yo ak lokal rasanbleman yo enpòtan pou kominote nou yo ak moun y ap sèvi yo. Se te onè mwen pou m sipòte pwojè lwa sa a nan Asanble a, pou ede soulaje fado finansye amelyorasyon kapital nan sal ak pòs veteran yo. Mwen ta renmen remèsye kòlèg mwen yo pou sipò bipatit yo anvè lejislasyon sa a, epi mwen espesyalman rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen lwa a".

Yo pral limen 17 moniman ak pon sa yo an vèt nan kad Operasyon Limyè Vèt la pou rekonèt sèvis ak angajman veteran yo ak militè yo:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Sant Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Center)
- MTA Long Island Rail Road - Pasrèl nan Pwent Lès nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

Michael Middaugh, Prezidan Asosyasyon Ofisye Sèvis Veteran Konte nan Eta New York ak Direktè Ajans Sèvis Veteran Konte Tioga, te deklare, "Kòm veteran nou menm, nou konprann sakrifis veteran yo ak fanmi yo fè kote jis di "mèsi" sanble pa

ase. Operasyon Limyè Vèt la se yon ti fason ke tout moun nan tout kominote nou yo ka fè veteran nou yo konnen nan kijan sèvis ak sakrifis yo vle di pou nou ak yon fason reyèl pou di mèsi! Nou onore pou nou fè patenarya ak Gouvènè Hochul ak Divizyon Sèvis Veteran an pou "Klere yon Limyè Vèt" sou sansibilizasyon ak espwa epi pou onore ewo nou yo ki te kontribiye anpil nan sèvi peyi yo".

MaryEllen Odell, Prezidan Asosyasyon Egzekitif Konte Eta New York ak Chèf Egzekitif Konte Putnam, te deklare, "Swa se te gen pou wè ak defann libète ak demokrasi sou rivaj byen lwen oswa pou kenbe peyi nou an pwoteje, chak veteran nou yo te fè sakrifis enkwayab ki merite pou yo rekonèt ak onore. Operasyon Limyè Vèt la se yon ti fason nou ka montre veteran nou yo ak fanmi yo ke nou rekonesan pou sakrifis yo, epi nou onore pou nou gen Gouvènè Hochul ak Divizyon Sèvis Veteran yo ki mete ak nou pou klere yon limyè vèt espwa ak sipò pou ewo nou yo."

Michael E. Zurlo, Prezidan Asosyasyon Konte nan Eta New York ak Administratè Konte Clinton, te deklare, "Eta New York ak konte nou yo jwe yon wòl enpòtan nan sipòte kominote veteran nou an, ede konekte veteran yo ak benefis ak sèvis yo te merite yo. Nou ekstrèmman fyè pou nou fè patenarya yon lòt fwa ankò ak Gouvènè Hochul ak Divizyon Sèvis Veteran yo pou non sèlman kreye yon senbòl vizib rekonesans ak sipò nou, men tou pou ogmante sansibilizasyon sou resous ki disponib pou ewo sa yo, anpil ladan yo toujou pote blesi envizib nan sèvis yo bay nasyon nou an."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418